# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु वीडियो कॉन्फ्रेंस के जरिया से स्मार्ट इण्डिया हैकेथॉन दुइ हजार चउबीस के फाइनल में नौजवान नवाचारियन से बातचीत कइ के उनकर उत्साह बढ़वलें। येह मौका पर श्री मोदी कहलें कि बीतल सात सालि में जवन हैकाथॉन भइल हवे, ओकरे ओरि से कई गो समेस्या क समाधान कइल गइल हौ, जवन आजु देस के लोगिन बदे बहुत उपयोगी सिद्ध हो रहल हौ। कई गो बड़हन समेस्या क समाधान ई हैकॉथान दिहले हवे। एहसे पहिले आजु भिन्नहीं केन्द्रीय सिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान येह सतवां हैकाथॉन क ग्रैंड फिनाले क वर्चुअल उद्घाटन कइलें। प्रदेस में मेरठ, लखनऊ अउर गौतमबुद्धनगर के विश्वविद्यालय अउर कॉलेज के सथहीं देस के एक्यावन केन्द्रन में आयोजित फाइनल में विद्यार्थियन क एक हजार तीनि सौ से बेसी टीमि हिस्सा लिहलस। येही क्रम में आजु मेरठ के शोभित विश्वविद्यालय में स्मार्ट इंडिया हैकाथॉन दुइ हजार चउबीस क भव्य सुभारम्भ कुलाधिपति कुंवर शेखर ब्रिजेन्द्र अउर जिलाधिकारी दीपक मीणा कइलें। ओहर, लखनऊ क इंटीग्रल विश्वविद्यालय अउर गौतमबुद्धनगर के एनआईईटी संस्थानों में कार्यक्रम क आयोजन भइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बस्ती जिला में कर्मा देवी समूह क पनरहवां स्थापना दिवस समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री सिक्षा, सेवा अउर संस्कृति के क्षेत्र में उल्लेखनीय जोगदान करे वाले लोगिन के सम्मानित कइ के उनकर उत्साहो बढ़वलें। कार्यक्रम के सम्बोधित करत श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बरिस दुइ हजार सैंतालीस ले भारत के विकसित बनवले क संकल्प रखले हवें। दुनिया भारत के महातम के समझि रहलि हौ। भारत के प्रतिभा क कतहूं मौका मिलल, ऊ अपने के साबित कइलस। दुनिया क सौ गो प्रतिस्ठित कम्पनियन में से बीस गो क सीईओ भारत क नौजवान हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री प्रदेस के कई जिलन से आइल दुइ सौ से बेसी लोगिन क समेस्या सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकारियन के समेस्या क निस्तारण करे बदे निरदेस दिहलें। श्री योगी कहलें कि केहू के जमीनि पर अवैध कबजा करे वाला भूमाफिया अर कमजोरन के उजारे वाले दबंग कउनहूं दसा में बख्सल न जाए। उनके खिलाफ जीरो टॉलरेंस के नीति क अनुसरण करत कठोर से कठोर कानूनी कार्रवाई सुनिस्चित कइल जाव।

**********

बांग्लादेस में हिन्दुअन पर हो रहल अत्याचार के खिलाफ आजु गोरखपुर में हिन्दू रक्षा संघर्स समिति के आवाहन पर सज्जो ब्यौपारी संगठन, आरएसएस, भाजपा के सथहीं कई गो संगठन महाराणा प्रताप इंटर कॉलेज से हिन्दू जन आक्रोस रैली निकरलस। येह मौका पर कार्यक्रम क मुख्य अतिथि गंगा महासभा क राष्ट्रीय महामंत्री स्वामी जितेन्द्रानंद सरस्वती कहलें कि बांग्लादेस में हो रहल हिन्दुअन पर अत्याचार क हम घोर निंदा करत हईं। हम सब हिन्दू येह मुद्दा पर एकजुट हईं।

**********

मेरठ में मसहूर कॉमेडियन सुनील पाल किडनैपिंग केस के मुंबई पुलिस मेरठ के थान्हा लाल कुर्ती में ट्रांसफर कइ दिहले हवे। येही सिलसिला में आजु सुनील पाल क पत्नी सरिता पाल मेरठ के थान्हा लाल कुर्ती पहुंचलिनि, जहवां ऊ मीडिया से बाति करत कहलिनि कि सुनील पाल जी क अपहरण मेरठ के लगवें भइल रहे। मेरठ पुलिस से हमार लगतारे बाति हो रहलि हौ, ऊ हमार मददि कइ रहलि हौ। एसपी सिटी आयुष विक्रम सिंह बतवलें कि येह केसि में कुछु लोगिन के हिरासति में लिहल गइल हौ अउर उनसे पूछताछ कइल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस सरकार क राज्यमंत्री अउर कुशीनगर जिला क प्रभारी मंत्री दिनेश प्रताप सिंह आजु कुशीनगर जिला के कलेक्ट्रेट सभागार में केन्द्र अउर प्रदेस सरकार की ओरि से चलावल जा रहल कई गो विकासपरक योजना, यातायात व्यवस्था, निरमाण कार अउर कानून व्यवस्था क समीक्षा कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि केन्द्र अउर राज्य सरकार के विकासपरक योजना क लाभ पात्र मनइन ले पहुंचवले क निरदेस दिहलीं। येह मौका पर जिला क सज्जो विधायक अउर प्रसासनिक अधिकारी उपस्थित रहे।

**********

गीता महोत्सव क तिउहार आजु उछाह अउर उल्लास के वातावरण में प्रदेस भर में मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइ के गीता के महातम के जन–जन ले पहुंचावल जा रहल हौ। येही कड़ी में आजु अजोध्या के श्रीमणिराम दास छावनी के वाल्मीकि भवन में श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र न्यास क अध्यक्ष महंत नृत्य गोपाल दास अउर महंत कमलनयन दास महाराज के संयोजन में गीता जयंती मनावल जा रहलि हौ। एहमें दुइ हजार से बेसी मनीसी गीता क पाठ कइ रहल हवें। एहसे पहिले आजु भिन्नहीं प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गीता महोत्सव के मौका पर लोगिन के सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से सुभकामना दिहले हवें।

**********